**ИНСÆН ДОР ЦИРГЪАГИ НЕЦÆБÆЛ ФÆРСУЙ, ЦИРГЪ БА ’Й РАКÆНУЙ!..**



***Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), уруссаг финсæг: «Наци цæруй, кæрæдзебæл æй ка бæттуй æма ин æ цард ка рохс кæнуй, уæхæн арф æнкъарæн æма устур гъудий агъазæй, уæдта адæм сæ уæллæй ка ’й, уони хæццæ æмзунд ку фæуунцæ, уæд уони фæрци...» Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Еу æнцон фесафæн æй, фал дзиллæн ба тухæгæнæг тухæ нæ еруй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№18 (938) 2024 анзи 25 май – хански мæйæ

Аргъ 1 туман


**АХСГИАГ ЦАУ**

# НÆ ЦАРДИУАГИ ФАРНÆ НÆХЕ РÆСТЗÆРДÆ ÆМА ÆНОВУД ФÆЛЛОЙНÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ!..»



***Евгъуд цуппæрæни, 23 майи Хецауади Хæдзари сæрмагондæй ци æмбурд арæзт æрцудæй, уоми нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло радзубанди кодта Цæгат Иристони социалон-экономикон равгитæ æма 2023 анзи архайди бæрæггæнæнти туххæй доклади хæццæ. Æмбурди архайдтонцæ Федералон Совети иуонгтæ, Паддзахадон Думи æма нæ республики Парламенти депутаттæ, нæ республики Хецауади иуонгтæ, муниципалон искондти, æхсæнадон, дини организацити разамонгутæ, республики ирæзтбæл уодуæлдайæй архайæг адæймæгутæ.***

Сергей Меняйло æ доклади райдайæни куд баханхæ кодта, уотемæй анзæй фулдæр рацудæй, ауæхæн хузи ку фембалдæнцæ, уæдæй фæстæмæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, раздæр искæнæн кæмæн нæ адтæй, уæхæн фарстатæ сæ бунатæй исæзмæлун кодтонцæ.

– Цитæ исаразтан, уонæбæл дзордзинан бæлвурд нимæдзитæй. Не ’нтæститæ ’нцæ нæ еумæйаг архайди, Цæгат Иристони цард хуæздæр, фадуатгиндæр искæнунмæ турнундзийнади фæрци. Еугур Уæрæсей хузæн Нигулæни ’рдигæй æвзарæн экономикон гæрæнтæ, цæйбæрцæ кардзæр кæнунцæ, уоййасæ нæ уæлахезтæ æма æнтæститæ ’нцæ кадгиндæр. Мах рамбурд ан, Уæрæсей Федераций Президент нин нæ размæ ци еумæйаг ихæстæ, бæрзонд нисантæ æвæруй, уони алливарс, – загъта Цæгат Иристони Сæргълæуууæг.

## СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИ

– Нур дууæ анзи нæ бæстæ Украини фæзуæттæбæл æнхæст кæнуй сæрмагонд æфсæддон операци, тохæнгарзи хæццæ гъæуай кæнæн нæуæг уæрæсейаг фæзуæттæ, Нигулæни фæткæбæл сæ истори, културæ, æгъдæуттæ баййевунбæл ка не ’сарази æй, еци уруссаг адæми. Нæ лæхъуæнтæ абони тохунцæ нæ федæнбæл, нæ евгъудбæл, нæхе бон унаффæ райсун куд уа, уой сæрбæл. Сæдæгай иристойнæгтæ иссæнцæ бæрзонд хецауадон хуæрзеугути хецæуттæ, цуппаремæй ба – Уæрæсей Бæгъатæртæ. Фæндуй мæ сæ нæмттæ зæгъун: **Есенати Таймураз**, **Датити Алан**, **Абайти Юрий**, **Аслан Гоов**. Мæ сæрæй син ниллæг ковун. Ка фæммард æй, уони нæмттæ æримисуни туххæй еу минут сабур ралæууæн, – загъта Сергей Меняло.

Республики Сæргълæуууæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй нæ республикæ уайтæккæдæр балæудтæй Фидибæстæ гъæуай кæнунмæ.

2

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**«ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»**



ИКЪАТИ Хаджиморати фурт Мурза



КЪЕСАТИ Басиати фурт Амурхан



КЪЕСАТИ Басаити фурт Данил (1917-2005)



ТОГЪОЙТИ Василийи фурт Петр



ТОГЪОЙТИ Бариси фурт Николай


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Нæ республики Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æ доклади кæронбæттæни уотæ баханхæ кодта: «Нæ еумæйаг кусти дæргъци нин нерæнгæ берæ зæрдæмæдзæугæдзийнæдтæ исаразун бантæстæй. Уой хæццæ ба ма нæ гъæуй берæ ахсгиаг гъуддæгутæ исæнхæст кæнун. Кæд æнцон нæ уодзæнæй, уæддæр гъæуама***

# НÆ ЦАРДИУАГИ ФАРНÆ НÆХЕ РÆСТЗÆРДÆ

«Алани» æма «Шторм Осетия»-йи батальонтæ, уæдта иннæ тугъдонтæ нур дууæ анзи аккаг хузи раззагдæр ханхæбæл æнхæст кæнунцæ сæ ихæстæ. Нæ лæхъуæнтæн агъаз кæнæн, æрветæн син техникон фæрæзнитæ, гуманитарон уæзæгтæ. Мадта сæрмагонд æфсæддон операций архайæг æфсæддонти бийнонтæн, хеуæнттæн агъази мадзæлттæ æрветæн. Ка фæммард æй, уони бийнонтæн, цæфтæн, фæдздзурди бахæуæг тугъдон служби кæнгутæн республики бюджетæй искодтан еухаттон агъаз – еумæйагæй 500 миллион соми, – бафеппайдта республики Сæргълæууæг.

Е лæмбунæг радзурдта еугур агъази мадзæлттæбæл. Æргом раздахта тугъдон цаути архайæг ветеранти æма инвалидти дзæбæхкæнуйнадæмæ. Гъæуама аци анз иссеронцæ фæрæзнитæ реабилитацион центри арæздади проекти-хæрзти документтæ бацæттæ кæнунæн. Мадта бæсти Президент фæндуй сæрмагонд æфсæддон операций архайгути уотæ бацæттæ кæнун, цæмæй си рауайа бæрзонд квалификаций хæццæ разамонгутæ.

### ЧЕРНИГОВСКАГ РАЙОНÆН АГЪАЗ

Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй тугъдон рæстæг амонуй æндæр домæнтæ. Алли регион дæр агъази къох бадардта нæуæг уæрæсейаг субъекттæмæ.

– Цæгат Иристон æ армæ даруй Запорожьей облæсти Черниговскаг районбæл. Нуриуæнгæ бал устур куст бакодтан, рарвистан уордæмæ Цæрæнуæтти-коммуналон хæдзарадæ, артаг æма энергетики министради бригадæ. Уоми косунцæ Арæздадæ æма архитектури, уæдта иннæ бæрнон ведомствитæ дæр. Амал цæмæй ес, уонæй син агъаз кæнæн, – байамудта Сергей Меняйло.

### ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ФÆТКÆ

Республики Сæргълæууæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй аллибони нисантæ æнхæстгæнгæй, гъæуама иронх ма уа, агъазиау, парахат геополитикон æййивддзийнæдти рæстæг ке цæрæн, е.

– Нæ бæстæ исæмбалдæй æнæнгъæлæги тæссагдзийнæдти хæццæ æма фæдздзурдтити хæццæ. Нæ бæсти хуæдбарæдзийнадæ, фæзуатон æнæгъæнæдзийнадæ фехалуни туххæй аллихузон мадзæлттæй пайда кæнунцæ. Аци анзи сæйраг æхсæнадон-политикон цаубæл банимайун гъæуй Уæрæсей Президенти æвзурститæ. Æвзаргути бæрцæ адтæй 91,8 процентти, Владимир Путини фарс рахуæстæнцæ 89 проценти. Нæ паддзахади разамонæгмæ равдистан устур æууæнкæ, – загъта республики Сæргълæууæг.

Уомæй уæлдай ма рæнгъæмæ рахаста, аци анз нæмæ авд æвзарæн кампаний ке æнгъæлмæ кæсуй, уой дæр. Æргом раздахта региони нивæбæлдзийнадæ, нацити ’хсæн сабурдзийнадæ æма æхсæнадон аразидзийнадæ багъæуай кæнунмæ, национ-културон центрти, дини организацити архайдмæ.

– Нæ фæсевæди удварни хуæрзæгъдаудзийнадæ, гъомбæлади фарста хъæбæр ахсгиаг æй. Патриотизм, хестæртæн кадæ кæнун, бæрзонд гъудитæ, федар бийнонтæ – етæ ’нцæ царди рахуæцæнтæ. Дууæ анзей размæ исаразтан кадетон кълæстæ, нуртæккæ ’нцæ 55, ахур си кæнуй 1166 сувæллони. Уæлдай фулдæр æргом раздахун гъæуй тугъдон-патриотон гъомбæладæмæ, тугъдон-патриотон клубтæмæ, сувæллæнтти æма æригон фæсевæди еугæндтæмæ, – байамудта Сергей Меняйло.

Рæнгъæмæ рахаста «Фицъцæгти змæлд», «Зарница», «Мы – граждане России»-йи æма иннæ æхсæнадон-фæсевæдон æзмæлдтæн уæлдай агъаз кæнуни нисантæ. Иронхуати нæ байазадæнцæ фæсевæди тухстаг фарстатæ дæр. Куд бафеппайдта, уотемæй фæсевæди патриотон гъомбæладæ ’й республики размæцуди ахсгиаг рахуæцæн.

### БЕСЛÆНИ ФУДБÆЛАХИ ИНСÆЙ АНЗИ

Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй, федæнбæл дзоргæй, гъæуама иронх ма уа евгъуд дæр.

– Беслæни фудбæлахи 20 анзи бæрæг кæндзинан, нæ адæми гъæдгинæн бадзæбæх кæнæн нæййес, рист нæ цæуй. Мах алцидæр искæндзинан, цæмæй террористон акти ка фесавдæй, уони нæмттæ иронхуати ма байзайуонцæ, æгасæй ка райервазтæй, уонæн ба сæ фарсмæ удзинан. Беслæни фæззиндтæй Дуйнеуон културон-патриотон центр «Беслæн. 1-аг скъола». Æ обелиск техникон æгъдауæй исцæттæ ’й, экспертти размæ исæвардтан нуриккон музейон фæзуат исаразуни ихæс. «Беслæни мадтæлтæ»-йи хæццæ син ес æмгустадæ. Нæ бæсти Президент исæвардта, террористон акти гъигæдардбаййафæг адæмæн 2030 анзи уæнгæ сæ реабилитацион мадзæлттæ идарддæр кæнуни ихæс, – радзурдта Сæргълæууæг.

### СОЦИАЛОН КЪАБАЗÆ

Республики разамонæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй аци анз æй бийнонти Анз, уомæ гæсгæ парахатгонд цæунцæ бийнонти традицион хæзнатæ. Бийнонтæ ’нцæ æхсæнади хуæнон æма рæсугъд размæцуди рахуæцæн.

– Фарæ аллихузон социалон пособитæ равардтан 112 мин сувæллонемæн, æдеугурæй рауадæнцæ 15,5 миллиард сомей. Фиццаг сувæллон 2024 анзи ци бийнонтæн фæззиндтæй æма 26 анзи ци мадæбæл нæма исæнхæст æй, уонæн равардтан еухаттон агъаз – 50 мин соми, æдеугурæй – 150 бийнонтемæн. Уонæн алливæрсуг агъаз кæнунæн арæзæн бийнонти берæфадуатгин центртæ. Мадта хестæр кари адæм дæр иронхуати нæ ’нцæ, – радзурдта Сергей Меняйло.

### ЭКОНОМИКÆ

Региони экономики ирæзти хæццæ баст æй æхсæнадон-политикон нивæбæлладæ, царди æмвæзади ирæзт, социалон ихæстæ æнхæст кæнуни гъуддаг.

– Фари кусти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ фæббæрæг æй рæстаг æзмæлд, экономики æцæг ирæзт æма социалон къабази размæцуд. Промышленнон кустади индекс фарæ адтæй 109,3 проценти, нæхуæдтæ ке рауагътан æма уæйæгонд товарти бæрцæ рауадæй 56 миллиард соми, республики еумæйаг бюджетмæ æрбафтудæй хъалонти æма æнæхъалонти феддонтæ 24,5 миллиард соми, е, 2022 анзи хæццæ рабаргæй, æй 6,7 проценти фулдæр. Розници базаради зелдох рауадæй 167 миллиард соми. Æгуст адæми нимæдзæ 17 проценти ниллæгдæр фæцæй, – загъта Сæргълæууæг.

Æ дзубандимæ гæсгæ, экономикон гæрæнти уоддæф лæдæрунцæ, республики Хецауадæ фадуæттæ аразуй экономики федар ирæзтæн. Республики бюджети æфтуйæггæгтæ 25 миллиард сомемæй минкъийдæр нæ ’нцæ. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг исæвардта Хецауади размæ промышленности ирæзти, гъæуун хæдзарадæ, фæндаггонтранспортон хизæг, туризм, цæрæнуæтти арæздадæ, ахурадæ æма æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади ирæзтбæл бакосуни ихæстæ.



### АГРОПРОМЫШЛЕННОН КЪАБАЗИ ИРÆЗТ

Республики разамонæг куд радзурдта, уотемæй фарæ агропромышленнон къабазæ æхе равдиста дзæбæх бæрæггæнæнтæй.

– Продукций бæрцæ рауадæй 46 миллиард соми, республикæ æрæмбурд кодта хуари æма хуари-хъæдори културити 850 тонни, халсартæ адтæнцæ 27 мин тонни. Фал нæ бон фулдæр дæр æй, хæрзтæ цæунцæ кустадæбæл, къохвæллойнæбæл, хомагкустгæнæг заводтæ нæмæ ке нæ фагæ кæнуй, уонæбæл. Гъæуама пайда кæнæн нуриккон технологитæй. Нæ бон цæмæй æй, уомæй аграритæн агъаз кæнæн, æнæ технологон райарæзтæй кустадæ æхебæл не ’схуæцдзæнæй. Пайда кæнæн лизингæй, райстан техники 78 еуæги. Мадта фонсдарунадæ дæр хъæбæр ахсгиаг къабазæ ’й. Кæсалгæдарунадæ размæ цæуй, цадити фæзуат ахæссуй 2 мин гектари, – фæббæрæг кодта Сæргълæууæг.

Е ’ргом раздахта гъæуунон хæдзаради иннæ рахуæцæнтæмæ, радзурдта фермерон, бийнонти фермерти архайди субсидитæ æма агъази æндæр мадзæлтти туххæй.



### ГЪÆУУОН ФÆЗУÆТТИ РАЙАРÆЗТ

Айдагъ нæ сахарти нæ, фал нæ гъæути хуæрзвадуæттæбæл дæр архайун гъæуй. Нæ ихæс æй гъæуи цæргутæн зæрдæмæдзæугæ уавæртæ аразун – нæдтæ, културон артдзæститæ, бастдзийнадæ, коммуналон лæггæдтæ. Нуриккон нимæдзон бастдзийнадæ, нуртæккæ нæ республики исхъæрттæй 93 процентмæ, уотæ – Интернети хизæг дæр. Æнæ уæхæн бастдзийнадæй ма байзадæй хуæнхаг гъæути минкъий хай – 500 адæймагей бæрцæ, æма уобæл дæр куст цæуй. Уой хæццæ ма абони «цифри» бастдзийнадæ бахъæрттæй Бунккаг Ларс, Хъобан æма Дзинагъамæ, анзи кæронмæ ба ма Зæронд Саниба æма Мæхческмæ.

### ТРАНСПОРТОН РЕФОРМÆ

Аци бон ма хъæбæр æдзæллаг уавæри ка ’й, еци æздæхтбæл – бæлццæнттæ ласуни гъуддагбæл дæр косæн. Хецæн адæймæгути къохтæмæ ке бахаудтæнцæ автовокзалтæ, электротранспорти сахайраг депо, сахари медæг æма муниципалитетти ’хсæн косæг маршруттæ, уомæ гæсгæ исæвзурдæй идарддæр бухсæн кæмæн нæбал ес, уæхæн уавæр.

Фарæ исфедар кодтан сæрмагонд программæ æма бацæттæ кодтан гъæугæ гæгъæдитæ уавæр цæхгæрмæ раййевуни туххæй. Устур куст нæ бакæнун гъæуй. Абони е нæ къохи ку бафтуйа, уæд федæни дæсгай æнзти ахсгиаг транспортон къабазæ зæрдæдзоруйнаг нæбал уодзæнæй.

Пассажирон транспорти ирæзти фæдбæл балхæдтан æма æййевæн транспортон фæрæзнитæ, 2023 анзи муниципалон кустуат «ВладГорТранс»-æн балхæдтан 28 автобуси. 2024 анзи ма никки – рæстæмбес къласи 42 автобуси, уонæй 32 косуй Дзæуæгигъæуи, 10 ба – республики муниципалон искондтитæмæ.

Цæгат Иристон архайуй инвестицион проекти æма æ фæлгæти 2024 анзи дуккаг квартали кæронмæ райсдзæнæй 57 автобуси æма косдзæнæнцæ социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн 45 маршрутебæл. Цæмæй аци къабази транспортæй гъæуагæдзийнадæ æхгæд æрцæуа, уой туххæй ма уæлæнхасæн балхæндзинан, муниципалон искондти ’хсæн ка косдзæнæй, уæхæн 70 автобуси.

**Ежегодно 27 мая отмечается Общероссийский день библиотек. С большой радостью поздравляем всех тружеников библиотечной системы республики с этим прекрасным праздником!..**

*гъæддухæй байархайæн сæ исаразунбæл. Нæ еугурей ихæс дæр æй нæ æмзунд-æмвæндæ архайди фæрци нæ адæмæн хузæнонæй цæрунæн бæзгæ уавæртæ исаразун. Æма уæд Цæгат Ирыстон бæрзонддæр цæстиварди уодзæнæй – куд, адæм цæрунмæ зæрдæхцæуæнæй кæми бæлдзæнæнцæ, уæхæн рауæн...»*



# ÆМА ÆНОВУД ФÆЛЛОЙНÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ!..»



Уæ зæрдæбæл даретæ, Дзæуæгигъæуи уавæр фæххуæздæр кæнуни туххæй 28 трамвайи вагæнттæ ке балхæдтан, трамвайти депо ба фæстæмæ муниципалон есбойнадæмæ ке æрбаздахтан, уой.

Транспорт æма фæндаггон инфраструктури комитетæн ихæс кæнун, цæмæй республики цæргутæн транспортон лæггæдти æмвæзадæ уæлдæр исесонцæ. Абони еуæй-еу маршруттæбæл ци уавæр исæвзурдæй, уомæн бухсæн нæййес. Паддзахадон кустуæттæй уæлдай ма æргом æздахун гъæуй бæлццæнттæ ласæг хецæн амалгъонтæн дæр, гъæуама косонцæ закъони бундорбæл, транспортон фæрæзнæ техникон æгъдауæй гъæуама уа рæвдзæ, косонцæ графикмæ гæсгæ, хъалонтæ федонцæ. Еугур ранимад гъуддæгути фæрци 2030 анзмæ транспортон къабази ирæзти стратеги арæзт æрцæудзæнæй, дуæ хæстæгдæр анземæ нæ ци бакæнун гъæуй, уони хинцгæй.

## АХУРАДИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ

Агъазиау æма нин вазуггин æй ахуради къабазæ. Ами нæ размæ лæууй берæ бахинцуйнаг фарстатæ, райдайæ скъолати бунæттæ ке нæ фагæ кæнуй еци гъуддагæй æма фæууо, экономики хъæбæр ка гъæуй, уæхæн профессионалон кадртæ цæттæ кæнуни ахедгæ системæ исаразунæй.

2023 анзи республики скъолати фæффулдæр æнцæ бунæтти нимæдзæ – 1250 бæрцæ. Æртæ скъолай исаразтан Беслæни, станицæ Черноярскийи æма Хъизлари. Фарæ уалдзæги бундорон цалцæггонд фæцæй Дзæуæгигъæуи 11-аг скъола.

Дуæ анзей размæ нæ республикæ архайун байдæдта капиталон цалцæги агъазиау федералон программи. Уæдæй нурмæ бахузæнон кодтан се 'ндаг бакаст 66 скъолайемæн, 30 мин скъоладзауи ба ахур кæнунцæ зæрдæмæдзæугæ уавæрти. Хæстæгдæр дуæ анзей медæги ма нæ бундоронæй исцалцæг кæнун гъæуй 51 скъолай. Куститæн уагъд æрцæудзæнæй 8 миллиард сомей бæрцæ. Уой фæсте бацæттæ кæндзинан 46 скъолай бундорон цалцæги туххæй курдиæтти гæгъæдитæ. Утемæй капиталон æгъдауæй цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ нæ республики базелунгъæугæ скъолати 100 проценти.

Уомæй уæлдай ма Уæрæсей Президенти номбæл рарвистон курдиадæ, цæмæй ма федералон программи фæлгæти Дзæуæгигъæуи арæзт æрцæуа, 2750 бунати кæми уодзæнæй, уæхæн æртæ скъолай.

Республики арæзт цæунцæ рæвдауæндæнттæ дæр. Заводи поселокки косун райдæдта 280-бунатон рæвдауæндонæ. 2023 анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нæуæг бунæттæ арæзт ке 'рцудæй, уой фæрци бунæттæ гъæуагæ нæй скъолай размæ ахурадæ. Фал кæронмæ нæ къохи нæма бафтудæй рæвдауæндæнтти азгъунститы фулдæр хаййи æдзæллагдзийнадæ райеуварс кæнун. 249 азгъунстемæй 141 гъæуй бундоронæй исцалцæг кæнун. Уомæ гæсгæ архайæн федералон программити, æма бал нуриуæнгæ исцæттæ 'нцæ 75 объекти гæгъæдитæ.

Уæлæнхасæн ахуради къабазæ дæр иронхуати нæ байзадæй. Арæзт цæунцæ музыкалон скъолатæ. Беслæни сувæллæнтти исфæлдистадон Хæдзарæ бундоронæй цалцæг кæнунцæ, уæхæн цалцæги фæсте байгон æй республики фæсевæдон Галауан. Ахурадон уагдæнттæ материалон-техникон æгъдауæй ефтонггонд цæунцæ.

Профессионалон ахурадон уагдæнтти аразæн ахурадон-кустадон комплекстæ, сæ фæрци сæмæ хе фæрæзнитæ фæззиннуй æма сæ сæ идарддæри ирæзтбæл харз кæнунцæ.

Сæрмагондæй мæ 'рлæууун фæндуй, е 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ æ равналæнтæ цубур кæмæн æнцæ, еци сабийти ахуради фарстабæл. Ке зæгъун æй гъæуй, еци кустбæл ахургæнгутæбæл фулдæр уаргъ ес. Фал нæ ихæс æй, цæмæй еугур сувæллæнттæн дæр уа æмхузон уавæртæ. Фæдзæхсун ресурсон къæлести æма скъолай размæ къуæртти аутистикон спектри косæг психологтæ, тьютортæ, деффектологтæ æма иннæ специалисттæн алли мæйæ уæлæнхасæн 15 мини федун.

Иннæ анзæй фæстæмæ къæпхæнгæй бæрзонддæр кæнун гъæуй ахургæнгути бундорон мизд, 2025 анзи 1 январæй фæстæмæ ихæс кæнун педагогон косгути хецæн къуæртти миздтæ 20 проценти фæббæрзонддæр кæнун. Алли анз уомæн уагъд цæудзæнæй 500 миллион соми.

2022 анзи алли мæйæ фæндзгай æма æвдгай мин соми уæлæнхасæн федун райдæдтан ахургæнгутæ-методисттæн, ахургæнгутæ-зундамонгутæн. Аци анз фæдзæхсун уæлæнхасæн материалон æгъдауæй финансон агъаз раттун гъомбæлгæнгутæн.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДÆ

Аци къабазæ хъæбæр вазуггин æй, æма си ес лухкæнуйнаг фарстатæ, фал еугур мадзæлттæ аразæн, цæмæй медицинон лæггæдтæ уæлдæр æмвæзадæмæ ист æрцæуонцæ.Уæлдай фулдæр æргом æздахæн идарддзæф, æма минкъий адæм кæми цæруй, еци гъæутæн фиццаг медицинон агъаз раттуни фарстатæмæ.

Фарæ 80 гъæуеми байгон кодтан афтектæ фельдшерон-акушерон пунктти æма амбулаторити рази. Æ бон цæун кæмæн нæй, еци сæйгитæн хуастæ хæдзарæмæ хæссунцæ медицинон косгутæ.

Тагъд агъази машинттæ æййивд æрцудæнцæ 100 процентæй, идарддæр аразæн медицинон уагдæнттæ. Фæстаг æнзти аци къабази хуарзæрдæмæ берæ æййивддзийнадтæ 'рцудæй.

* * *

***Сергей Меняйло ма æ докъади лæмбунæгæй æрдзубанди кодта нæ республики социалон-экономикон цардарæзти берæ æндæр фарстати фæдбæл. Сæ ахсгиагдзийнадæ син нимайгæй, уони фæдбæл ба сæрмагонд æрмæгутæ хецæнæй мухур кæндзинан нæ газети идарддæри номерти.***




## СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛОЙ РАДЗУБАНДИЙ ТУХХÆЙ СÆ ГЪУДИТÆ ЗАГЪТОНЦÆ:



**ТУСКЪАТИ Таймораз, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланий Парламенти Сæрдар:**

– Нæ республики Сæргълæууæг бæлвурд æма лæмбунæг æрдзубанди кодта, социалон-экономикон алли къабæзтæ куд ирæзтæнцæ, уобæл. Ахуради къабазæ ку райсæн, уæд къохи бафтудæй зингæ æнтæститæ. Арæзт цæунцæ нæуæг ахурадон косæндæнттæ, скъолатæ, зæгъæн, Беслæнигъæуи, Черноярски станици, Хъизлари. Дзæуæгигъæуи 11-аг скъола ба æрцудæй бундоронæй цалцæггонд, иннетæми дæр цæунцæ цалцæггæнæн куститæ. Уогæ, еугур муниципалон искодти дæр скъолатæ сæ еугурдæр æрцудæнцæ цалцæггонд. Уомæй уæлдай, национ проект «Ахурадæ» дæттуй гæнæнтæ æригæнттæн, царди цæмæй фескъуæлхонцæ, уомæн. Ахургæнгути алли къуарæн – æригæнттæн дæр, фæлтæрдгун ка 'й, уонæн дæр – материалон агъази уæлæнхасæн мадзæлттæ исаразуни унаффæ республики Сæргълæууæг ке рахаста, е дæр, æнæмæнгæ æй, пайдайаг гъуддаг. Уæхæн æййивддзийнæдтæ ес уæлæнхасæн ахуради къабази дæр. Уомæй уæлдай, республики Сæргълæууæг нæ размæ исæвардта бæлвурд ихæстæ астæуккаг профессионалон ахурадæ райаразуни къабази. Хæстæгдæр æнзти нæмæ ци инвестиционон проекттæ æнхæстгонд цæудзæнæнцæ, етæ домунцæ дæсни косгутæ, уой хæццæ, инженертæ, технологтæ, аразгутæ. Æма профессионалон ахурадæ республики экономики домæнттæн гъæуама дзуапп дæтта.

Зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ ес промышленности. Промышленнон кустади индекс фæстаг анз исирæзтæй 10 проценти – аци къабазæн агъазгæнæг мадзæлттæй республики фæстаг цалдæр анзи пайдагонд ке цæуй, уой фæрци. Профилон министради архайди фæрци нæмæ косуй промышленностæн агъази Фонд.

Республики Сæргълæууæг хецаудзийнади федералон оргæнти хæццæ æнгом ке архайуй, уой фæрци нæмæ æнхæстгонд цæун райдайдзæнæнцæ нæуæг инвестиционон проекттæ Хъæрмæдони, Иристони иннæ кæмтти, утемæй республики еугур районтæ дæр разæнгардæй идарддæр дæр архайдзæнæнцæ экономикон процессити.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази хуарз бæрæггæнæнтæ кæд ес, уæддæр си фарстатæ нерæнгæ ма ес никки фулдæр. Зонæн сæ æма идарддæр дæр архайдзинан сæ ралух кæнунбæл. Еузагъдæй, нæ ихæстæ 'нцæ бæлвурд, лæдæрдгонд æма сæбæл косдзинан.

* * *



**ГУÆЦÆЛТИ Хаджимурат: Республикæ Цæгат Иристон-Аланий муфтий:**

– Цæгат Иристон размæ ке цæуй æма ин идарддæр ирæзти гæнæнтæ ке ес, е æй бæлвурд. Республикæ архайуй аллихузон программитæ æма проектти. Арæзт æрцудæй берæ хуарз гъуддæгутæ ахурадæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, экономикæ æма царди иннæ къабæзти дæр. Фал, мæнмæ гæсгæ, никки устурдæр æргом раздахун гъæуй ирæзгæ фæлтæри раст гъомбæлади, патриотизми бундортæбæл сæ гъомбæл кæнуни гъуддагмæ. Аци фарстамæ æ радзубандий е 'ргом раздахта республики Сæргълæууæг дæр. Нæ кæстæрти сæ хуæрзминкъийæй фæстæмæ ку нæ исахур кæнæн сæ Райгурæн бæстæ, нæ минкъий Иристон уарзунбæл, сæ национ бундортæн аргъ кæнун зонунбæл, уæд кæмæн аразæн скъолатæ æма æндæр уæхæн косæндæнттæ? Гъомбæладæ райдайуй бийнонтæй, æма аци фарстамæ гъæуй уæлдай фулдæр æргом æздахун. Арфæ кæнун, абони сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, нæ еци рæсугъд фæсевæдæн æма сæмæ æ агъази хай ка бахъæртун кæнуй, уонæн.

**Каждый год 28 мая страна отмечает День пограничника. Дата взята из истории: 28 мая 1918 года Декретом Совнаркома была учреждена Пограничная охрана РСФСР.**

*КОЧИСАТИ Мухарбег (1920-1944), æдзард тугъдон поэт: «Лæгæн хъазар куд нæ фæуунцæ æ бийнонтæ, æ мадæ! Лæгæн хъазар куд нæ фæууй æ ирæзгæ бонти цард! Фал уæддæр ниййерæг зæнхæ, дæуæн æмбал кæми ес!.. Фидибæстæ, дæуæй мæнæн*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ХАБИТИ Губай фурт Михал**



**ХАБИТИ Губай фурт Гала**



**ХАБИТИ Губай фурт Наполеон**



**ХАДАТИ Хъасболати фурт Тасо**

# ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРТИ РОХС НÆМТТÆ ÆНОСТ

***Зундгонд куд æй, уотемæй сæрмагонд æфсæддон операций хъазауатонæй архайунцæ Цæгат Иристони фæсевæд дæр. Сæ алæмæти æхсардзийнадæн ба æвдесæн æй е, æма си хъæбæр беретæ аккаггонд æрцудæнцæ бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæй. Гъулæггагæн, беретæн си еци хуæрзеугутæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ сæ фæсмæрдæ. Хъæбæр зæрдхъурмæй хъонц кæнгæй сæ имисæн, сæ рохс нæмттæ æносонгонд цæунцæ сæ райгурæн гъæути, ци ахургæнæндæнттæ каст фæцæнцæ, уоми. Æрæги уæхæн номерæн мадзæлттæ бабæй арæзт æрцудæй нæ республики цалдæр рауæнеми. Уой фæдбæл цæуй дзубанди, мæнæ дæлдæр ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæми.***

## НÆ НАМУСГИН ХЕСТÆРТИ АККАГ ФÆДОНТÆ

Хуæрзæрæги Гизæли Советон Цæдеси Бæгъатæр **Доййати Давиди** номхæссæг 2-аг астæуккаг скъолай арæзт æрцудæй ахсгиаг зæрдæбæлбадаруйнаг гъуддаг – аци ахургæнæндони рауагъдонтæй сæрмагонд æфсæддон операций ка архайдта æма е 'фсæддон ихæс рæстуодæй æнхæст кæнгæй, е 'ригон цард Фидибæсти сæрбæлтау ка иснивонд кодта, еци лæхъуæнти рохс нæмттæ исæносон кæнунæн син сæ уарзон скъолай æвæрд æрцудæй номерæн фæйнæг. Еци æдзард бæгъатæртæ 'нцæ **Харебати Ильяй фурт Азæмæт**, **Хубати Альберти фурт Эльбрус**, **Хурити Платони фурт Рустам**, **Бедойти Отари фурт Сослан** æма **Хъанухъуати Виталийи фурт Владислав**. Сæ лæгдзийнадæ, æхсарæ æма бæгъатæрдзийнади фæдбæл си алкæмæн дæр исаккаг кодтонцæ тугъдон хуæрзеугутæ (сæ фæсмæрдæ). Номерæн фæйнæг байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали рæстæг си уонæй алке туххæй дæр лæмбунæг радзурдтонцæ, сæрмагондæй арæзт видеоролики фæрци син равдистонцæ раздæри сабур рæстæги сæ царди хабæрттæ, къартæ, сæ тугъдон æмбæлтти имисуйнæгтæ.

Хестæр кълæсти ахуркæнуйнæгтæ аййев æма зæрдибунæй кастæнцæ тугъдон æмдзæвгитæ. Мадзал амонæг, уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæг Хæдзарæгати Маргаритæ куд загъта, уотемæй Иристони фæсевæд абони сæ сæрæндзийнадæй, сæ лæгдзийнæдтæй æма æхсаргин æскъуæлхтдзийнæдтæй æвдесунцæ уой, æма Устур Фидибæстон тугъди æнæмæлгæ намус ка бавдиста, нæ еци хестæртæн аккаг фæдонтæ ке 'нцæ, уой. Тугъд æгъатир æй, æнæ рæстдзийнади сæрбæлтау истох кæнуни туххæй си æнæбацæун ку нæбал фæууй, уæд адæмæн æгæрон зæрдристдзийнæдтæ æнæ 'рцæуæ дæр нæбал фæууй... Æма бабæй кæддæри, Устур Фидибæстон тугъди рæстæгути хузæн, нур дæр бабæй нæ Иристонмæ рæстæгæйрæстæгмæ исигъусунцæ зæрдресæн уæззау хабæрттæ нæ тугъдонтæй кедæрти фæммарди




**Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг æдзард бæгъатæрти номерæн стенд Гизæли 2-аг астæуккаг скъолай.**

фæдбæл... Ци гæнæн нин ес, ка фæммард æй, уонæн нæ бон æй айдагъдæр зæрдхъурмæй, рохсаг уотæ, зæгъгæ, зæгъун. Еци зинæн ниффæразгæй ба Хуцаумæ ковæн æма си корæн, цæмæй æверхъау хабæрттæн кæронгонд æрцæуа, цæмæй сæрмагонд æфсæддон операци нин уæлахезонæй æнхæстгонд фæууа, цæмæй нæ тугъдон фæсевæдæй абони дæр ма си ка архайуй, уонæй алкедæр цардæгасæй æма уодфедарæй куд исæздæха æ фидиуæзæгмæ, зæрдрохсæй куд исæмбæла æ хеуæнттæбæл.

Мадзали кæронбæттæни Гизæли гъæуи администраций сæргълæууæг **Доййати Таймораз** зæрдиагæй райарфæ кодта æ исаразгутæн, æрбацæугутæн æма загъта, нæ кæстæртæ сабур доги куд цæронцæ, æма тугъд ба тагъд рæстæги куд басабур уа, уой.

## КАДÆ – ÆРТИНДÆС БÆГЪАТÆРЕМÆН

Æртиндæс студенттей номбæл еумæйаг мемориалон фæйнæг байгон кодтонцæ Цæгат Кавкази арæзтадон техникуми. Номерæн мадзали архайдтонцæ сæ ниййергутæ, æхсæнади иуонгтæ, ветеранти организацити минæвæрттæ, студенттæ.

Мадзал байгон кодта техникуми разамонæг **Гуриати Георги**. Æма æ радзубандий, фиццагидæр, хъæбæр хъонц кæнгæй, ратæфирфæс кодта æдзард бæгъатæрти зæрдрист ниййергутæ æма хеуæнттæн.

Бæгъатæрти рохс нæмттæ иссерунæн мадзали архайгутæ еу минут æдзæмæй ралæудтæнцæ., Уой фæсте ба дзурди барæ лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссар **Бегизати Робертæн**, æма е æ радзубандий загъта:

– Аци лæхъуæнтæ Иристони иннæ хъæйтарти æмрæнгъæ 'рлæудтæнцæ. Сæ цард равардтонцæ рæстдзийнади сæрбæлтау æма устур кадæ искодтонцæ нæ Райгурæн бæстæн. Æруагæс ни кæнуй, нæ ирæзгæ фæлтæрæн аци бæгъатæр тугъдонтæ ке уодзæнæнцæ лæгдзийнадæй бафæнзуни дæнцæ, – загъта æфсæддон комиссар.

Нæ рæстæги хъæйтартæ, нæ бæгъатæр фæсевæд... Иристони хъæболтæ æнæвгъауæй сæ цард нивондæн хæссунцæ, Донбасси сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Номæйноммæ сæ æримисæн: **Тедети Валери**, **Дзансолти Марат**, **Мисиккати Чермен**, **Битарти Руслан**, **Губати Артур**, **Кирилл Андреев**, **Денис Троицкий**, **Бестаути Хох**, **Къæбисти Витали**, **Годжицати Алихан**, **Ермен Маряев**, **Плити Сергей**, **Мирзаганти Олег**.

Къартæй нæмæ ходæндзастæй кæсунцæ æригон биццеутæ. Сæ цæстисугтæ нæ уорамгæй сæмæ кæсунцæ сæ мадтæлтæ æма хуæртæ дæр. Газет «Северная Осетия»-йи сæйраг редактор **Битарти Маринæ** номерæн æмбурдмæ 'рбацудæй æ фиди æнсувæри æдзард лæхъуæн **Битарти Руслани** туххæй. Е 'фсæддон ихæс æнхæст кодта «Шторм-Иристон»-и рæнгъити. Сæрмагонд æфсæддон операцимæ ба рандæй, Мæскуй арæзтадон кустуати косгæй. Фæдздзурди гæгъæди имæ ке æрбацудæй, уой имæ æ хуæртæ фæххабар кодтонцæ. Æнæ уæлдай фæрракæнæ-бакæнæй Руслани унаффæ еу адтæй: æнæмæнгæ цæун гъæуй, æндæрхузи мæ бон нæй, зæгъгæ. Фæстæдæр æ хуæрæ Маринæн дзурдта: «Мæхе еске фæсте нæ римæхсун, тох кæнун, мæ бийнонти æма мæ муггаги нæ фæхходуйнаг кæндзæнæн...» Сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй æхсаргинæй ке фескъуæлхтæй, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй дууæ хуæрзеуæги – Лæгдзийнади орден æма майдан «Иристони намусæн». Æртиккаг хуæрзеуæг дæр ин аккаггонд бæргæ æрцудæй, фал æй райсун ба æхецæн равгæ нæбал фæцæй – уомæй æй исхуарзæнхгин кодтонцæ æ фæсмæрдæ...




**Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг æдзард бæгъатæртæн номерæн стенд Дзæуæгигъæуи арæзтадон техникуми игон кæнуни мадзали рæстæг.**

*хъазардæр, адгиндæр нæ адтæй æма нæййес...» Уæхæн зундирахаст Иристони фæсевæдмæ адтæй советон доги æма сæмæ ес нури рæстæгути дæр. Уой ба ирдæй бавдесунцæ, Фидибæсти сæрбæлтау тохи сæ уодихъаурæ ку багъæуй, уæд...*



# ÆМÆ ЦÆРДЗÆНÆНЦÆ НÆ ДЗИЛЛИ ЗÆРДИТИ

Къостайгъæуæй Губати бийнонтæмæ фарæ исигъустæй сæ еунæги, сæ нифс æма цæугæ мæсуг, сæ фурт Артури туххæй æверхъау хабар. Служби фæсте Артур контракт бафинста 58-аг æфсади хæццæ. Уайтæккæ бахаудтæй сæрмагонд æфсæддон опекраций тъуфули, дууæ хатти цæфтæ дæр фæцæй. Фал æ гъæдгæнттæ куддæр бадзæбæх уиуонцæ, уотæ бабæй ратагъд кæнидæ æ тугъдон æмбæлттæмæ. Тох кодта 290-аг бригади, адтæй хестæр нисанмæаразæг. Артури тугъдон хабæрттæ радзурдта **Губати Маринæ**, хуæрзауодæн фонди разамонæг.

Æртиндæсемæй сæ еугурей кæстæр æй гвардий ефрейтор **Кирилл Андреев**, 247-аг гвардион Кавказаг-хъазахъаг штурми полкки десантник. Хъазахъæгтæ адтæнцæ æ фидтæлтæ, фидæ




Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг æдзард бæгъатæртæн номерæн стенд Дзæуæгигъæуи электроники колледжи игон кæнуни рæстæг.

Андрей æма мадæ Аленæ дæр службæ кодтонцæ æфсади. Мадзалмæ Алени хæццæ 'рбацудæнцæ Кирилли æрдхуард Ричардас Трунавичуси саударæг мадæ Светланæ æма е 'мкъласонтæ. Кирилл æфсæддон операций архайуй, уой æ мадæн не 'сгъæр кодта. Фæстаг хатт ма Аленæ æ хæццæ дзубанди кодта 23 феврали. Æртæ боней фæсте Кирилли æригон цард раскъудта знаги нæмуг Херсони облæсти гъæу Новая Каховкæйи. Уоми хеди буни знаг сæ нихмæ бабадтæй æма сæ римæхст рауæнæй æхсун райдæдта. Кирилл еци рæстæг «БТР»-бæл бадтæй, фал ма син бантæстæй знагæн карз нихкъуæрд раттун. Еци тугъди фæсте æй исхуарзæнхгин кодтонцæ Лæгдзийнади орденæй, фал æй Кирилли бæсти райста æ мадæ.

Алли уæхæн мадзалмæ дæр æнæмæнгæ 'рбацæунцæ «Фидибæстæ гъæуайгæнæги» паддзахадон фонди минæвæрттæ. Бийнонтæн, хæстæгутæн нифс байвæрун, гъæугæ агъаз син раттун æй фонди сæйраг ихæс. Æ координатор **Магкæти Олег** тох кодта «Шторм-Иристон»-и. Нуртæккæ æ тугъдон æмбæлттæ 'нцæ Запорожьей районы. Куд зæгъуй, уотемæй уонæн дæр хъæбæр ахсгиаг æй, се 'дзард тугъдон биццеути кадæн уæхæн мадзæлттæ ке аразунцæ, ке сæ нæ иронх кæнæн, е.

Æмбурди архайгутæ деденгутæ исæвардтонцæ тугъдонти къарти фалдзос. Кæронбæттæни Номерæн мадзали кæронбæттæни ахургæнæндони арæзт æрцудæй лæгдзийнади урок.

## «УÆХÆН КÆСТÆРТÆ КÆМÆН ЕС, ЕЦИ ФИДИБÆСТÆН БАСÆТТÆН НÆЙЙЕС!..»

Дзæуæгигъæуи электроники колледжи дæр хъæбæр хъонцгæнгæй имисунцæ, сæ рауагъдонтæй сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг се 'фсæддон ихæстæ æхсаргинæй æнхæст кæнгæй ка фæммард æй, уони... Алæмæти лæгдзийнадæ равдесгæй, Донбасси зæнхæбæл тугъдтити Фидибæсти сæрбæлтау сæ цард иснивонд кодтонцæ **Илья Тюльманков**, **Джиголати Алан**, **Александр Железов**, **Николай Белокобыленко**, **Хъойбайти Хетæг**, **Уртати Виталий**, **Александр Попов**, **Ричардас Трунавичус**, **Хъулумбегти Дмитрий** æма **Лалити Александр**.

Бæгъатæрти рохс нæмттæ исæносон кæнуни туххæй æрæги колледжи байгон кодтонцæ номерæн фæйнæг. Еци арфиаг гъуддаги фæдбæл арæзт мадзали архайунмæ 'рбацудæнцæ æдзард бæгъатæрти бийнонтæ æма хеуæнттæ, паддзахадон фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи минæвæрттæ, нæ республики «Адæмон фронт»-и разамонæг **Гæлити Клим**, Дзæуæгигъæуи фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитети разамонæг **Тимур Кубатаев**, ветеранти æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ. Мадзали архайгутæй ка радзубанди кодта, етæ сæ еугурдæр арфæ кодтонцæ æдзард бæгъатæрти ниййергутæн, нæ дзиллæ æнæгъæнæйдæр сæрустур кæмæй æй æма æностæмæ дæр уодзæнæй, уæхæн рæстзæрдæ æма лæгдзийнадæй æнхæст цæуæт ке исгъомбæл кодтонцæ, уой туххæй.

Колледжи гъомбæладон фарстатæбæл дзуапдæттæг **Элитæ Стреляева**, уæдта æ разамундæй ма мадзал исаразунбæл ка байархайдта, етæ, зæгъун æй гъæуй, хъæбæр зæрдиагдзийнадæ бавдистонцæ. Алли æдзард тугъдони туххæй дæр исистонцæ минкъий видеоæрмæгутæ, радзурдтонцæ, ка си кæми тох кодта æма æхе куд равдиста, райгъустæнцæ си, уони туххæй се 'мбæлттæ тохи будуртæй ци имисуйнæгтæ исæрвистонцæ, етæ дæр.

**Хъойбайти Фатимæ** мадзалмæ æрбацудæй е 'дзард бæдолæ **Хетæги** цардæмбал æма сæ минкъий кизги хæццæ. Æ фурт Стъараполи крайи контракт бафинста æма рандæй сæрмагонд æфсæддон операций архайунмæ. Хетæги бунæттон госпитæлмæ уæззау цæфæй ку исæмбæлун кодтонцæ операци ин искæнунмæ, уæд дохтиртæ ци нæ фæккодтонцæ, фал... Хетæг ма рацардæй æдеугурæй цуппар бони – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2023 анзи 31 декабри, цудæй ибæл дæс æма инсæй анзи.

**Светланæ Трунавичуси** еунæг фурт **Ричардас** сæрмагонд æфсæддон операцимæ рандæй фæдздзурди рæстæги 2022 анзи. Адтæй сапер, службæ кодтта 539 хецæн инженерон-саперон æфсади. Анзи 'рдæги фæсте ин, уоми уогæй, равардтонцæ æфсæддон архайæги ветерани ном. Æфсадмæ имæ ку фæдздзурдтонцæ, уæд æ мадæ Светланæ, раст зæгъгæй, æ биццеуи фæнди хæццæ нæ исарази æй. Уайтæккæ æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ, æртæанздзудæй ин Ричардас ци дзурдтæ загъта, етæ: «Æз ку исустур уон, уæд мæ тугъдмæ ракæндзæнæнцæ æма мæ уоми рамардзæнæнцæ...» Мадæн кæд цийфæнди зин адтæй, уæддæр лæдæрдтæй, Ричардас æ фæндæ ке нæ раййевдзæнæй, е.

Содзаггаг хабар сæмæ ку исигъустæй, уæддæр Светланæ нæ зудта, æ фурт Донбасси бæрæг кæми службæ кодта, еци æхгæд игъосункæнуйнаг. Айдагъдæр ин æ рамæлæти фæсте радзурдтонцæ, Ричардас усхъæй-усхъæмæ ке хæццæ тох кодта, етæ: адтæнцæ гъæу Новыйи, сæ тугъдон къуар авдемæй рандæнцæ. Сæ арæхстгин æма æндиуд архайдæй хъæбæр гъигæ дардтонцæ украинаг нацистти, æма сæбæл нæ аурстонцæ. Гъулæггагæн, знагæн бантæстæй исбæлвурд кæнун сæ цæуæнти над, æма сæбæл уордæмæ америкаг «хаймарс»-тæ никкалдтонцæ. Уотæ раскъудæй Ричардас Трунавичуси цард – еци бонæй къуæре раздæр ибæл цуппар æма инсæй анзи исæнхæст æй, уотемæй.

Е 'мтохгæнæг **Мурат Эсмурзиев** абони дæр имисуй Ричардаси. Дууæ лæхъуæни базонгæ 'нцæ Ханкалай æма идарддæр дæр еумæ уодзæнæнцæ, уой, раст зæгъгæй, нæ зудтонцæ, фал уæддæр сæхе сæ кæрæдземæ хæстæг дардтонцæ. Мурат æй имисуй игъæлдзæг, сæрæн æма æгъдаугин лæхъуæнæй, еугурæйдæр æй бауарзтонцæ. Кæд полкки еугуремæй кæстæр адтæй, уæддæр æ лæгдзийнадæй беретæн адтæй фæнзуйнаг. Еуæхæни сæ къуармæ 'рбацудæй сæ командир, агурдта, цардæн тæссаг ка уодзæнæй, уæхæн æфсæддон ихæслæвæрд исæнхæст кæнунмæ барвæндонæй ка исарази уодзæнæй, уæхæнтти. Еу усмæ еугурæйдæр фæгъгъос æнцæ, уæдта фиццаг размæ ракъахдзæф кодта Ричардас, æ фæсте ба – иннетæ дæр... Еци ихæслæвæрд æнхæст кæнгæй не 'фсæддонти къуар бауорæдта знаги тухгин æрбампурститæ.

**Николай Белокобыленкобæл** финддæс æма инсæй анземæй уæлдай нæ цудæй, ку фæммард æй, уæд. Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æй фараст хатти исхуарзæнхгин кодтонцæ паддзахадон хуæрзеугутæй. Мадзалмæ сæ 'рбахаста æ цардæмбал, æма сæмæ цæмæдесæй кастæнцæ колледжи ахурдзаутæ.

Аци мадзал куд арæзт æрцудæй æма си ахурдзаутæ куд зæрдтагонæй архайдтонцæ, е нифсдæттæг æй уомæн, æма нæ кæстæртæн ке 'нцæ æма алкæддæр хъæбæр табуйаг ке уодзæнæнцæ нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау рæстуодæй архайæг бæгъатæрти æхсардзийнади хабæрттæ, уæлдайдæр ба, æ цард уой фæдбæл ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ. Æма уæхæн кæстæртæ кæми гъомбæл кæнунцæ, еци Фидибæстæн ба нецæмæй æй тæссаг, некæци знаг си разиндзæнæй тухгиндæр, æносæй-æносмæ цардгъон уодзæнæй...

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ХЪÆЛИЦТИ Амурхани фурт Василий (1925-2012)



ХЪÆЛИЦТИ Гетæгъæзи фурт Карлен



ХЪÆЛИЦТИ Гетæгъæзи фурт Сергей



СÆБАНТИ Давиди фурт Андрей (1909-1970)

***Андрей ШЕГРЕН ирон æвзаги грамматикæ ке исаразта, е цæйбæрцæбæл агъазиау гъуддаг иссæй, уой фæдбæл æ рæстæги «Фæскавказаг газет» уотæ финста: «Ирон æвзагæн хуæрзарæзт æма зæрдиуагæ ратгæй, е ’гъдæуттæ æма фæткитæ ин исбæлвурд кæнгæй, Шегрен æхецæн исфæлгонц кодта, цалинмæ æвзаг цæра, уæдмæ цардгъон нæ уодзæнæй,***

# АРМИДЗАГ АДÆМИ ХУÆРЗГÆНÆГ


ОСЕТИНСКАЯ
ГРАММАТИКА
съ
КРАТКИМЪ СЛОВАРЕМЪ
ОСЕТИНСКО-РОССІЙСКИМЪ И РОССІЙСКО-ОСЕТИНСКИМЪ.
сочиненіе
Андрея Шёгрена.
Часть первая.
САНКТПЕТЕРБУРГЪ.
Въ Типографіи Императорской Академіи Наукъ
1844.

***Всеволод Миллер, Андрей Шегрен æма Абайти Васо... Аци адæймæгути, махмæ гæсгæ, Иристони амонун некæмæн гъæуй – етæ ’нцæ, нæ фидтæлтиккон æвзаг æртасунади усхъæзæй ка бахъиамæт кодта, еци разагъди ахургæндтæ. Сæ алæмæти хъиамæтти туххæй ни си алкедæр табуйаг æй. Фал нæ абони ба сæрмагондæй æримисун фæндуй номдзуд æвзагæртасæг, историк, этнограф, уæрæсейаг академион кавказæртасунади бундорæвæрæг Андрей Михаили фурт Шегрени (Андреас Йохан Шегрени). Уой дæр уомæ гæсгæ æма хуæрзæрæги, 25 апърели æ райгурдбæл исæнхæст æй 230 анзи (1794-1855). Ци хуæрзти бацудæй æ рæстæги нæ адæмæн Иристонæй идард ка цардæй, еци финнаг лæхъуæн, е нæуæг фæлтæрæн зæрдæбæлдаруни аккаг æй. Уæдта айдагъ зæрдæбæл нæ, фал ин устур аргъ кæнунæн дæр.***



Цæмæдесаг æй æ цардвæндаг. Райгурдæй Финляндий Ситкалайи гъæуи. Скъола, гимнази æма Абоссаг университети ахур кæнгæй, исуйнаг ахургонди зæрди иссугъдæй фæсарæйнаг æвзæгтæ ахур кæнунмæ цæхæр, бундоронæй кодта рохситауæн куст дæр. Университет каст фæуунæй дууæ анзи фæстæдæр Раск Расмус Кристиани ахурдзау æрбацудæй Петербургмæ. Уоми дессагæй неци ес, 1820 Финлянди адтæй Уæрæсейаг империй исконди æма федæни ахургондæн æ наукон архайд кæми райдæдта, еци сахар адтæй Петербург, куста Румянцеви библиотеки. Цуппар анземæ иссæй Уæрæсей наукити академий иуонгуацхæссæг, минкъий фæстæдæр – историй адъютант, уæдта историон-филологон хайади ординатор академик.

XIX æноси 30-аг æнзти райдæдта ирон æма гурдзиаг æвзæгтæ ахур кæнун, сауæнгæ ма Кавказмæ экспедиций дæр иссудæй. Е ’ртæстити балций хатдзæг – ирон кириллици алфавит æма 1844 анзи «Осетинская грамматика с кратким словарем осетино–российским и российско-осетинским», зæгъгæ, ци киунугæ рауагъта мухури, е.

Ахургонди еци кустити фæрци наукон æхсæнадæ лæмбунæг базонгæ ’й ирон æвзаги равзурди хæццæ, мурти игъосунадæ æма рæнгъæвæрди хæццæ, дуйней иннæ ’взæгти ’хсæн иссирдта æ бунат. «Уæрæсей академий кавказæртасунади академик Андрей Михаили фурт Шегрен ирон æвзагæн равардта над æма зæрдирахаст, уæдта ин æ закъæнттæ исбæлвурд кæнунæй æхецæн исамадта цирт, цалинмæ ’взаг уа, уæдмæ», – финста Шегрени ирон грамматики туххæй газет «Закавказский вестник». Фæстæдæр, 1848 анзи ирон æвзагбæл рацудæй киунугæ «Псалтырь».

Шегрени размæ ирон адæми културæ æртастонцæ Миллер, Потоцкий æма Клапрот. Финнаг æртасæг Андрей Шегрен æ куст райдæдта национ æгъдæуттæй, цæмæй æцæгæлон æма зин æвзаг балæдæра, уой туххæй ахур кæнун райдæдта адæмон исфæлдистадæ æма дини финститæ. Дзæуæгигъæуи тæлмацгæнгутæ – Калаки дини семинари рауагъдонтæ Зухъуати Тасо æма Шио Двалишвилийи агъазæй райдæдта уонæбæл косун. Мæйити фæсте балæдæрдтæй, æ кустæн агъазиау бундор ке ес, ци зонундзийнæдтæ имæ фæззиндтæй, уонæн аргъ ке нæййес. 1837 анзи æ ирон грамматикæн æрмæгути еу хай адтæй цæттæ. «Сувæллони хузæн цийнæ кæнун», – финста этнограф, лæдæрдтæй, æ рази рабарстити филологий «алмаси» ке ес.

Шегрени фиццаградон ихæс адтæй финнаг-угорагæвзæгтæ идарддæр ахур кæнун, фал куд финста, уотемæй кавказаг адæмти културæ æртасун иссæй æ царди медес. «... Нур мин Кавкази еугур адæмти ’взæгтæ гъæугæ уагæбæл æрбамбурд кæнун уидæ æгæр нифсхаст æма къæйних гъуддаг», – финста Андрей Михаили фурт. Цæйбæрцæ арфдæр куста ирон æвзаг æртасунбæл, уоййасæбæл си хъæбæрдæр æруагæс кодта – «æнæсеккæй, Кавкази ’взæгтæй ахсгиагдæр æй, Европæ æма Азий агъазиау индоевропаг къуари сæйрагдæр æвзæгти хæццæ æ бастдзийнадæ». Фал гъуддаг кæронмæ рахъæртун кæнун æ къохи нæ бафтудæй, дигорон æвзагбæл æрмæгутæ имæ фагæ ке нæ адтæй, уой фудæй. Исфæндæ кодта æрмæгбæл бунати бакосун, æ балци зæрди фæндон нæ рауадæй. Еуемæй ин тæлмацгæнæг нæ адтæй, иннемæй æй æвæстеуатæй багъудæй Калакмæ цæун. Уой туххæй Стур Дигорæй æфцæгбæл бахизтæй сахар Онмæ. Надбæл баййафта устур зиндзийнæдтæ, кæд ин ирон агъазгæнгутæ адтæй, уæддæр. Цийфæнди уæд, уæддæр бахъæрттæй Калакмæ, уордигæй Дзæуæгигъæубæл рандæй Екатериноград æма Георгиевскмæ, уæдта Пятигорскмæ, 1837 анзи кæрони Стъараполбæл рандæй Петербургмæ. Уотемæй фæцæй Андрей Шегрени кавказаг эпопейæ.

Фæстæдæр, Иристонмæ исигъустæй, Петербурги мухури ке рацудæй, рагæй кæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, еци ирон грамматики киунугæ. Еци анз æй ниммухур кодтонцæ æхе тæлмацæй немуцаг æвзагбæл дæр. Нæ адæми културон царди е адтæй устур цау, киунугæ арæзт адтæй дууæ хаййемæй. Фиццагидæр, 560 фарсебæл раздзурди фæсте адтæнцæ ирон æвзаги лæмбунæг æртасæнтæ фонетикæй синтаксиси уæнгæ. Дуккаг хаййи ба – дзурдуæттæ.

Æ «Грамматикæ» Уæрæсе æма Европи зонадон дуйней байахæста зингæ бунат. Еуемæй, киунуги автори ном райгъустæй, иссæй Петербурги Императорон академий наукити академик, иннемæй ба рабарстити филологий Вольнейи номбæл конкурси æ авторæн лæвæрд æрцудæй сугъзæрийнæ майдан. Ирон æвзаги киунуги туххæй Шегрен хуарзæнхæгонд æрцудæй Данеберги 3-аг къæпхæни орденæй, ахургондæн æй равардта Даний къарол æхуæдæг.

Зундгонд гурдзиаг ахургонд П. Иоселиани Шегрени киунуги исарæзт рабарста Прометейи æскъуæлхтдзийнади хæццæ, æ автори ба исхудта «еугур Кавкази историон цæсгон», æ арфиаг куст ба – «адæмон хъайтар æма еугур ирæнтти хуæрзгæнæг». «Грамматикæ»-йи рауагъд устур агъаз фæцæй ирон интеллигенций райгурдæн. Абайти Васой гъудимæ гæсгæ, еци киунугæ райгъал кодта искурдиадæгин ирон адæми хъауритæ. Ирон æвзагбæл цæун райдæдтонцæ аргъуди киунугутæ, Шегрен ба Петербургæй дæр æ цæстæ дардта Иристонмæ. Æ рæстæги Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн лæвæрд æрцудæй нæ адæмæн устур хуæрзти ка бацудæй, еци æцæгæлонхеуон ахургонди ном.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***ХУБИАТИ Ларисæ.***

**Редакцийæй. Мæнæ уæ идарддæр ба зонгæ кæнæн, Андерей ШЕГРЕНИ æрмæгутæмæ гæсгæ филологон наукити доктор, профессор ХЪАМБОЛТИ Тамерлан ци уац бацæттæ кодта, уой хæццæ.**

# ДИГОРОН АДÆМИ СОРÆТ



Дигорæнттæмæ[1] нæййес æлдæрттæ, фал нимад цæунцæ фæйнæ хецауей дæлбарæ, кæцитæ æнцæ дууæ устур муггаги: Баделидзе æма Черкезидзе[2]. Баделидзе дехгонд æнцæ фæйнæхузи муггæгтæбæл, цæветтонгæ, Тургани, Кубат, Битойтæ æмæ æндæртæ. Черкезидзей муггаг ба хецæн нæ ’нцæ. Аци «узденьтæ» (ездæнттæ – Хъ.Т.) æма «старшинтæ» (æлдæрттæ – Хъ.Т.) – уруссæгтæ сæ куд хонунцæ, – неци барæ дарунцæ адæммæ, сæ бон сæ нæй ихуæрсун, уæдта хецæнтæй сæ уæйæ кæнун, кæд уæйæ, уæд айдагъдæр æмбурд бийнонтæй. Хъалон есунцæ минкъий, уæдта сæ кадæ дæр устур нæй. Аци ездон муггæгти алли къабазæ, кенæ ба, растдæр зæгъгæй, алли бийнонти дæр си кæсгон æлдар ергъæв кæнуй, кæций хонунцæ сæ господин. Еци ергъæвдзийнадæ сæ гъæуй æдасæй тиллæги куст кæнунæн, цæнхæ æма æндæр гъуддæгути фæдбæл кæсæги зæнхæбæл цæунæн. Кæсгон æлдæрттæ син кæнунцæ кадæ, кадгин ездон муггæгтæй. Етæ сæ бадун кæнунцæ сæхемæ, хе ездæнтти ба æстæнмæ исбадун кæнунцæ. Етæ, иннæ ездæнтти хузæн, се ’лдари фурт, æ райгурци фиццаг къуæрей бонæй райсунцæ енцегæн æма ’й гъомбæл кæнунцæ 10-12 анзи æма фулдæр, хаттæй-хатт ба енцег æ ниййергути фæсмæргæ дæр нæ фæккæнуй. Аци æгъдау Кæсæги дæр фæтгæуй. Енцеги фæстæмæ ку ’рбахонунцæ фиди хæдзарæмæ, уæд æй исфæлундунцæ хъæппæлæй уа, тохæндзаумауæй уа, балæвар ин кæнунцæ бæх æма æндæртæ. Хæдзарæмæ ’й ку ’рбахонунцæ æлдарæй, уæдта исаразунцæ кувд (авдæнбæттæнти куд, уотæ).

Еугур дигорон гъæути, рацæугути[3] хæццæ, æвæдзи, æнцæ еу 2500-3000 хæдзари. Етæ цæрунцæ Гурдзий куд, уотæ, устур бийнонтæй. Æдеугурæй æнцæ еу 25000 цæрæги æд нæлгоймаг æма силгоймаг. Гæрзефтонггинтæ ба си рацæуй 5000 фулдæр.

Се ’хсæн нæййес нециуавæр æндагон: нæдæр армайнæгтæ, нæдæр дзиуиттæ.

Дигори ездæнттæ евгъуд æстдæсæймаг æноси еу политики тухxæй райстонцæ пусулмон[4] дин. Сау адæммæ ба нуриуæнгæ дæр ма нециуавæр дин ес. Раздæр етæ адтæнцæ киристæнттæ, фал æнæ саугинтæй ба сæ дин фесавдæй, хъæбæрдæр ба синхæнтти фæлгъауæнти тухxæй. Еу рæстæг сæмæ Мæздæгæй ирæнтти къамисæй саугинтæ адтæй, æма си уæд беретæ æрцудæнцæ дзиуарæфтуд.

Уонæмæ тогесуни æгъдау æй, иннæ кавказаг адæмтæмæ куд æй, уотæ. Цæветтонгæ, еу муггагæй (А.) æндæр муггагæй (Б.) еске ку рамара, уæд еци муггаги еугур хæстæгутæ дæр гъæума архайуонцæ рамарунбæл кенæ марæги, кенæ ба ин æ муггагæй (А.), æ хæстæгутæй еске.

Ахид æнæгъæнæ муггæгтæ кæрæдзей нихмæ исистиуонцæ, хаттæй-хатт ба идард хæстæгутæ дæр исарази уиуонцæ аци муггаги тæккæ хæстæгдæртæн тог есун ниууадзун. Хаттæй-хатт ба аллирдигæй дæр айдагъ еугай мæрдтæбæл нæ байзайидæ, фал ма берети рамариуонцæ, цалдæнгæ кæрæдзей хæццæ сæ бафедаунбæл архайиуонцæ кегъæретæ, уæдмæ. Аллирдигæй дæр æмбæрцæ мæрдтæ ку уа, уæд федаунцæ æнæ тогесæни аргъæй, на ма нæ, уæдта федунцæ алли уæлдай тог, уæлдай мæрдти нимæдзæбæл дæр. Тог хъазарбæл лæууй – æ цийиесмæ гæсгæ 50-200 галебæл. Стори бæсти æндæр дзаумæуттæ дæр, зæгъæн: зæнхæ, топпитæ æма уæхæн æндæртæ есунцæ, фал еугурæйдæр стормæ нимад цæунцæ. Зæгъæн, фондз фуси – еу стормæ, топп – фондз-æхсæз сторемæ, кенæ фулдæрмæ. Еци (...)* уавæри фæууй аргъгæнгутæ. Хуарз зæнхæ сæмæ хъæбæр хъазар æй. Цалинмæ ци муггагбæл тогæвæрд ма уа (гъома, цалинмæ си еске мард æрцæуа), уæдмæ нæ еу кæнунцæ сæ тогесгути хæццæ æма си сæхе римæхсунцæ, тас си ку нæ фæууй, уæддæр. Сауæнгæ ма Уæрæсей сахарти дæр.

Рагдзамантæй нуриуæнгæ дæр ездон муггæгтæй ци фæрсаг сувæллæнттæ рантæсуй, уони хонунцæ Азнауртæ[5]; нимад æрцæ-

**Паддзахи æфсади инæлар, 1877-1887 æнзти Уруссаг-турккаг тугъди уæлдай æхсардзийнадæй фескъуæлхæг бæгъатæртæй еу, Санати Идриси райгурдбæл 28 майи æнхæст кæнуй фондз æма фарастинсæй анзи (1839-1922).**

унцæ, ци муггагæй рантæсунцæ, уонæбæл, фал сæмæ нæййес æрдзон дигорон зæнхкосгутæ, айдагъ æлхæд цагъайрæгтæ, (гæлехтæ – Хъ.Т.) Еци азнауртæн сæ фулдæр пусулмæнттæ 'нцæ. Уонæн сæ бон нæй, се 'мæстæг供 ездон муггæгти 'хсæн тог агорун; айдагъ еумæйаг хилти кенæ кинæ хатуни гъуддаги фæдбæл сæ муггæгти фарс исхуæцунцæ. Еци тог есуни æгъдауæн æхе фæткитæ ес уонæмæ.

Музухъ е 'лдарбæл тог дæр ма даруй. Европиси дуэлæй хе рай-сун куд, уотæ ами дæр устур æга-дæбæл нимад цæуй тог нæ рай-сун. Фиццаг тоги фæдбæл фудгин муггаг федаун ку кора æма тог-дарæг ба гъæздуг ку нæ уа, уæд еугур муггаг дæр ин æрæмбурд кæндзæй тог бафедаунæн æхца. Фал, еу муггаг еугурæйдæр иннæ муггаги нихмæ ку исиста, уæдта тогдарæг муггаг нæ, фал кæци æнæхъаурæдæр муггаг разинна, е агоруй бафедаун. Ауæхæн уа-вæри ба бафедаун кæнуни фæд-бæл Дигорæмæ иссæунцæ кæс-гон æлдæрттæ.

Уонæмæ нæййес нæдæр саугинтæ, нæдæр моллотæ, еф-стагмæ сæмæ иссæунцæ кæсгон моллотæ. Сау адæммæ ма ес берæ киристон фæткитæ: кадæ кæнунцæ Киристейæн, Зæрдæ-вæрæнтæн, Цæппорсейæн æма æндæртæ, цæппорсей размæ дæр дарунцæ ком. Бæрæгбæнтти ба бæрæг кæнунцæ ковæндæнттæ хуæнхти, кæцити хонунцæ «дзиуа-рæ»[6] – крест. Уоми нивондæн хæс-сунцæ фус кенæ сæгъæ. Сæр ниу-уадзунцæ, иннети ба бахуæрунцæ. Сиутæ батохунцæ къимбусти æма сæ уоми ниуадзунцæ. Еци ковæн-дæнтти фæууй зæронд азгъунсти-ти ихæлддзæгтæ (æвæдзи аргъау-æнти – Ш.А.) кенæ дортæ. Нивонди хонунцæ «вачила» (осетинское слово – Ш.А.).

Дигорæнттæ сæхе дигорæ хо-нунцæ, иннæ осетинти ба – ирон, уруссæгти – урус, черкесæгти – черкес[7], гурдзиæгти – гурджиаг, армайнæгти – сомех. Дигорæнттæ дзорунцæ «осетинагау» минкъий æндæрхузон хецæн диалектæй. Дигори нæййес нæдæр сахар, нæдæр базаргæнæн бунат. Æл-дæртти мæсугтæй уæлдай, кæци-тæ берæ æнцæ алли гъæуи дæр, федæрттæ ба си нæййес. Ес си минкъий цуппæрдегъон федæрт-тæ дæр еугай мæсугти хæццæ. Етæ цæрунцæ кæмтти æма хуæн-хти дæнтти сæрмæ. Цъимаратæ си некæми ес. Гъæдæ минкъий ес хуæнхти: нæзи, бæрзæ, толдзæ ба æстæн. Дорæй амаддзæгтæ дæр ма си берæ ес. Еу-инсæй версти æндæргъцæ, хонхæй сау-æнгæ будури уæнгæ, коми рахе-зæни æма Кæсæги будури уæнгæ ниллæг хуæнхтæбæл[8] ес берæ гъæдæ. Æрнæг дори æма, сау аспид нæ, фал æхсинхуд аспидон хуæнхтæ. Сæ еугур зæнхитæ дæр æнцæ къолтæ, лигъз бунат си не-кæми ес (...)*.

Æхца сæмæ æстæн æй. Есунцæ уруссаг æма турккаг æхца. Етæ æхцабæл нæ сæуде-гер кæнунцæ, фал æййевунцæ таваæрттæбæл æма аргъ кæнун-цæ хæдæнттæмæ гæсгæ, кенæ ба æрмæринттæй (кæцитæн дæс хæдони уодзæнæнцæ авд урус-саг аршини), гъоцитæ æма фу-стæбæл. Нецихузи уæргъбарæн зонунцæ.

Сæудегерадæ сæмæ æстæн æй. Аслан гæгъæдин таваæртти хæццæ æрцæунцæ имеретæгтæ æма сæ æййевунцæ нимæттæ-бæл, цъопп æма кæттагбæл. Уой уæлæнхас ба ма дигорæнттæ уæйæ кæнунцæ уæлдзарм дæр. Имеретæгтæ сæмæ таваæрттæ ласунцæ хонхи сæрти сæ рæгъ-тæбæл, сомехæгтæ ба айдагъ-дæр Имеретимæ цæугæй син рауæйæ кæнунцæ листæг миутæ. Уæрдунтæ сæмæ нæ цæуй. Сæ-удегергæнæг сомехæгтæ фиц-цаг бафедунцæ фондз хæдони, Туйгъантæ æма Черкезидзетæ-бæл сæ ка исæмбæлун кæнуй, уонæн; анæй ба сæ (Туйгъантæй кенæ Черкезидзетæй – Хъ.Т.) – ка сæ фæххонуй, еци фусунæн раттунцæ фондз хæдони. Уой уæлæнхасæн ба ма гъæуама балæвар кæнонцæ аллихузи ли-стæг миутæ. Æрбацæуæг имере-тæгтæй ба фусун (кунак у Ш.А.) есуй дууæ хæдони. Жидтæ сæмæ нæййес.

Æрмгуст ба айдагъ цохъайаг уафунæй æрæнгонд æй, кæций хуарунцæ æсмæгæй æма (...)* бæласи едагæй. Нимæттæ кæ-нунцæ æнæкелбетгомау, хъумац – хумæтæг. Æфсæйнаг таваæрттæ минкъий кæнунцæ, цæветтонгæ, готæнттæ, цæвгутæ æма æндæр-тæ кæнунцæ уруссаг æфсæйна-гæй. Уотæ сæхе æфсæйнаг дæр минкъий тайун кæнунцæ.

Тиллæги куст сæмæ хъæбæр зин æй. Хуми зæнхæ сæмæ уотæ хъазар æй, æма еу десятини аргъ æй 200-300 соми. Медæггаг ди-горæнттæ тиллæг фулдæр æл-хæнунцæ будури дигорæнттæй, уомæн æма си еунæгемæ дæр анзи фагæ хуаллаг не 'рзайуй. Итаунцæ мæнæуæ, хъæбæрху-ар, зæтхæ æма сæ æййевунцæ будури. Дзол фицунцæ уотæ: фиццаг къинсæ тæвдæ гъосин тæбæгъи рафесарунцæ, уæдта 'й идарддæр ба фунуки исфицун-цæ, куд æнккæт осетинтæ æма берæ осетинæгтæ. Нартихуар сæмæ нæййес, кенæ ба хъæбæр минкъий, силмæнæуæ ба сæмæ æгириддæр нæййес. Имеретий-æй ци 'рбаласунцæ, уомæй æн-дæр сæмæ нециуавæр рæзæ ес. Сæ дзæхæрати итаунцæ цалдæр хузи хъæдорæ, хуæргæнасæ æма нартихуар. Сæ бунæттæ æгæр бæрзонд æнцæ. Будурмæ раледзæг адæммæ ба гъæуама хуарз дзæхæратæ уа.

Фонси куст æй сæ сæйраг-дæр цийфæс хумон зæнхи фæсте. Тæккæ фулдæр сæмæ ес фустæ, кæцитæ дæсни 'нцæ бæрзонд ху-æнхти хезунмæ, зумæг ба гъæди æвдигъд рауæнти. Етæ фонс нæ уæйæ кæнунцæ æндæхсонх, фал сæ сæ медæхсæн æййевунцæ топпитæбæл, зæнхæбæл æма æндæртæбæл. Стор æма фустæй уæлдай ма сæмæ ес сæгътæ бæрæгбæрцæ. Гъоги æхсирæй, иннæ осетинти хузæн, кæнунцæ цихт. Тæккæ хуæздæр цихт фуси цихт æй. Зумæгмæ хуасæ цæт-тæ кæнунцæ бæрзонд хуæнхти ефстаг рауæнти æма син туххæй рахъæртуй. Беретæ сæ фонс зу-мæгмæ хонхæй рацæуæггæгтæ-мæ æма будурмæ рарветунцæ. Бæхтæ сæмæ минкъий ес, уæдта син асæй ниллæг æнцæ. Галтæ сæмæ дзæвгарæ ес, кæцитæбæл æрбаласунцæ хуар æма æндæр-тæ. Катертæ[9] (хъæдиртæ – Хъ.Т.) сæмæ минкъий ес, уæдта асæй устур нæ 'нцæ.

Фустæ сæмæ, куд еугур ху-æнхти, дуæггинтæ 'нцæ. Сæ гъун албойнон æркесаг æй. Хъæ-рæсейæгтæмæ ба сæ гъун даргъ, фæлмæн æма листæг æй.

Сæ зæнхи цæнхæ нæййес. Етæ 'й есунцæ Маджари цади-тæй, куми (Хъуми – Хъ.Т.) рази. Хуæнхти æрзæт ахид æй: издийау æрттевагæ æвзестæ æма æн-дæртæ. Издин æрзæттæ хуæрз гъæздуг æнцæ. Æрхий æууæлтæ дæр си иссирдтонцæ. Æфсæйна-ги æрзæт ба берæ рауæнти ес. Антимоний си берæ, сæуæн кол-чедан, сæуæндон, æсмæг, сели-трæ, дзæнгъа, дорæвзалу Урухи.

Дигори фалдзос берæ дзæ-бодуртæ ес (каменные бараны – Ш.А.) кæцити хонунцæ «буго». Цæугæдæнтти – силгæ æма мин-кенæ каминмæ хæстæг лæуунцæ минкъий æма фæлмæн хуссæн-тæ, кæцитæбæл кæттагтæ итуд æнцæ. Пъолбæл некæд бадунцæ, фал еци хуссæнбæл. Бæзтæ æма гобæнттæ алкæддæр цъоппæй идзаг æнцæ, сæ уæлцъарæ ба – тæгтæгонд. Еу фарси 'рдигæй бæрзонд бадæн кенæ нарæ (гре-бейнæгтæмæ куд æй, уотæ) æма сæбæл сæ хуссæндарæс дарун-цæ, иннердигæй ба – тæрхæгу-тæ, кæцитæбæл дарунцæ алли-хузон доринтæ, агувзитæ æма æндæртæ. Се стъолтæ дзæбæх ниллæг æнцæ, еу адилий æрдæг, уæдта тумбул, æма сæбæл ху-æргæ фæккæнунцæ. Сæ къостæ



къий æргъайтæ. Мæргътæй ба цауæн кæнунцæ сурх хургæрки-тæбæл[10]. Мудибиндзитæ нæ да-рунцæ.

Хуæнхтæ æмбæрзт æнцæ тæфгæнагæ кæрдæгутæй æма хуасæ дæр бодтæф æй. Гъæдтæн сæ фулдæр тæрсæ æма толдзæ бæлæстæ 'нцæ, рæзи бæлæ-стæ ба – æстæн, ци кæрдту, ци æндæртæ; хуæнхти медæги ба нæзитæ, бæрзитæ æма ниллæг толдзæ. Тæрсæ бæлæстæ ба æнæ мура æма бæрзонд æнцæ; гъæдæ Уæрæсемæ ласунцæ. Еуæй-еу рауæнти ба ес кæрзæ бæлæстæ дæр, кæцити ефстаг-мæ ласунцæ Мæздæгмæ æма Екатеринградмæ[11], æндæр гъæ-дæй ба нæ сæудегер кæнунцæ.

Меддигорæ хæдзæрттæ арæзт æнцæ аспид дорæй æнæ сикъит æма къирæй, кенæ ба æрнæг дортæ устур къæрттæй, кæцити кæрæдзебæл æвæрунцæ хъæбæр æнгом, се 'хсæнуати ба листæг дортæ байвæрунцæ. Сæ фæрстæ бæзгин æнцæ, æма, кæд мæрзæздугъд архитектурæ 'нцæ, уæддæр си уоддзæф ба нæ хе-зуй æндегæй; еуетæ ба си дугай уæладзгутæ 'нцæ – бункаг уæ-ладзуги фонс дарунцæ, сæркаги ба сæхуæдтæ цæрунцæ. Гъæутæ сæ фулдæр минкъий æнцæ. Фал Стур Дигори ба ес еу-æртæсæдæ хæдзари. Хæдзæрттæ лæуунцæ æнтойнæй къуппитæй. Хæдза-ри сæртæ зæнхоггунтæ 'нцæ; бæхдæнттæ æма стойнитæ ба зæнхоггун нæ 'нцæ, фал дорæй астæрд.

Гъæутæ зилдæгæй федар-гонд нæ 'нцæ, фал æлдæрттæмæ ба ес мæсугтæ сесдзæфти хæц-цæ. Хуасæ дарунцæ хуæнхтæ-бæл æма сæ ку багъæуй, уæдта сæ урдуги рауадзунцæ коммæ. Етæ ибæл хъæбæр ауæрдунцæ. Хуар дарунцæ гъоцити фагусæй исæрст бид тъæскъити, кæций есунцæ къæстæй. Хуæздæр хедзæртти – каминтæ, хумæ-тæг хæдзæртти ба – артдзæстæ астæрди астæу. Артдзæстæмæ фулдæр гъæдинтæ 'нцæ, æгтæ – æрхи, тугурæй уагъд, рæхистæ-бæл ауигъд. Еци æфсæйнаг рæ-хистæ æма цæгтæ имеретæгтæ-мæ æлхæнунцæ. Гъæздугутæмæ ес хуарз, къалайæй конд киртæ. Бонгинтæн сæ хæдзæрттæ федæ-уцæддæр æнцæ, мæгуртæн ба сæ фонс дæр сæ хæдзæртти фæууй. Хумæтæг хæдзæртти артдзæсти сæрмæ тугури цъасæ ес æма сæмæ дзæвгарæ хъуæцдзуддæр æй. Хæдзари ниуазунмæ берæ рауæнти дон бунæй хæссунцæ сæ рæгъти къæртати. Æндзару-нæн фулдæр рауæн дарунцæ сог, Олокоми (Уæллагкоми – Хъ.Т.), уæдта иннæ рауæнти ба – сæна-рæ. Рохс фулдæр кæнунцæ со-цъий уедæгтæй. Цирæгътæ æма сойни цирæгътæ сæмæ нæййес.

Сæ хуæрдæ хумæтæг æма лæгъузгомау æй. Мæнæуи дзол – хуæздæртæн, иннетæн ба – хъæбæрхуарæй. Царв, фуси 'хсирæй цихт, тæгæлтæй лухгонд фунх тохъултæ – финги астæу, æ кæрæнтти ба – дзоли кæрститæ. Фусæн æ сæр хестæрæн ниууад-зунцæ. Уой фæсте ба къостæй ни-уазунцæ (едгутæй нæ хуæрунцæ) пъæра, кæци еуæй-еухатт тауæг æхсир æма бодæни хæццæ фæуу-уй. Цихт æма хускъæ фуси фиди хæццæ къере сæмæ пирогги ху-зæн æй. Еуæй-еухатт фуси тух-тити æма къерей исæвæрунцæ бодтæф кæрдæгутæ. Хъибили фид æлдæрттæ нæ хуæрунцæ, хумæтæг адæм ба хуæрунцæ. Алкæддæр хуæрди размæ æма фæсте нихснунцæ сæ къохтæ. Фиццаг бахуæрунцæ хестæртæ, иннетæ ба лæуунцæ; етæ ку баху-æрунцæ, уæдта фингæ банхуæр-сунцæ дуармæ хæстæгдæр æма уоми ба иннетæ бахуæрунцæ, ихуæрститæн (æлдæрттæмæ) ба уæлдæйттæ раттунцæ. Силгой-мæгтæ нæлгоймæгти хæццæ нæ хуæрунцæ (...)*. Хуæрунцæ дзæбо-дури фид, кæци хуæрз адгин æй.

Фингæбæл ниуазунцæ дон. Сæ бæгæни дессаг хуарз æй, – фæффицунцæ 'й бæрæгбæнтти. Арахъ ба кæнунцæ хъæбæрхуа-рæй; лæмæгъгомау æй, фал бул-гъахъ ба нæй. Брагæ (къумæл) ниуазунцæ берæ. Кæнунцæ 'й хъæбæрхуарæй, ефстагмæ – фа-гæй. Кумис нæ зонунцæ.

Думунцæ аллихузи тамаку ефстагмæ. Сæ лолитæ черке-саг æнцæ. Сæхуæдтæ итаунцæ тамаку, фал син цæцæйнæгтæй еуминкъий лæмæгъдæр æй. Нæлгоймæгтæ æма силгоймæг-тæ дарунцæ черкесаг дарæс. Сæ дзиккотæ дууæ биди кæнун-цæ æма си къимбус бабийунцæ, кæци æрхъæртуй сæ уæргу-тæмæ. Кизгуттæ æма æригон силгоймæгтæ дарунцæ ходтæ, хизтæ ба дарунцæ идæдзæ æма зæронд уоститæ; етæ дарунцæ панталонтæ. Бонгинтæмæ фондз-занздзуд кизгуттæн сæ астæутæ салин ронæй бабæттунцæ. Еци баст кизгæн æ лæгмæ 'рцæуни уæнгæ ихæлд не 'рцæуй. Уомæй сæ астæутæ нарæг æнцæ. Сæ гъости дарунцæ гъосицæгтæ æвзестæй хузæнон устуртæ æма тъæпæнтæ, сæ фæтæ еу улинкъи бæрцæ. Уони кæнунцæ сæхе æв-зестгурдтæ.

Топпитæ дарунцæ турккаг æма хуæнхаг, сæхуæдтæ ба нæ кæнунцæ, уотæ æхсаргæрдтæ æма хъæматæ дæр. Бонгинтæ-мæ ес æзгъæрхæдæнттæ дæр. Саздахътæй нæ пайда кæнунцæ.

Нæлгоймæгтæ хумæ кæнун-цæ хуар, кæрдунцæ хуасæ, ран-дæ унцæ будурмæ хуаллагмæ, цæнхæмæ. Беретæ хæтунцæ дзæбодуртæбæл цауæни æма си еуæй-еу цауæйнон æ цæрæнбон-ти сæдей уæнгæ дæр рамаруй. Еуæй-еу хатт етæ рандæ унцæ дзæвгарæ къуæрттæй тагауртæ-мæ[12] фонс æма адæн давунмæ. Уони ба рауæйæ кæнунцæ Сване-тий, кенæ ба сæ ихуæрсти дарун-цæ хæдзари. Уогæ сæмæ лæгъуз цæстæй ба нæ кæсунцæ.

Силгоймæгтæ хумæтæг адæммæ сæребарæ 'нцæ, æл-дæрттæмæ ба сæхе римæхсун-цæ, кæсгæнттæмæ куд, уотæ бу-стæги карзæй нæ.

**ФЕППАЙУЙНÆГТÆ:**

1. А.М. Шегренмæ Дигорæ, дигорон финст цæуй – дугор, дугур, дугурцы.
2. Дигори феодалти гурдзиаг формæ. Баделидзе хонуй Тъæпæн Дигорæ æма Уæллагкоми Баделиати (Абисалти, Битути, Хъабанти, Хъарадзаути, Хъубадти, Туйгъанти, Чечемти), Черкезидзе ба хонуй Стур Дигори Цæргæсати ( Хъантемурти, Хъарабугъати æма Таймазти).
3. «Рацæугутæ». А.М. Шегрен хонуй будурмæ ка ралигъдæй еци дигорæнтти. Хонхи цæргути ба хонуй «медæггаг (медхонх) дигорæнттæ».
4. А.М. Шегренмæ «Махометановский».
5. «Азнауртæ», æвæдзи, хонуй хъумайæгти (кæвдæсардти).
6. Дзурд «дзуари» къохфинсти ханхæгонд æй.
7. Дзурд «черкес» къохфинсти ханхæгонд æй. Дигорæнттæ черкести худтонцæ «кæсæг».
8. Дзурдтæ «ниллæг хуæнхтæбæл» финст æнцæ автори къохæй къохфинсти кæронбæл.
9. Катер – мул (хъадир).
10. Дзубанди, æвæдзи, цæуй цъеутæбæл цауæнгæнгæй хизтæ ку исæвæрунцæ, уæд уобæл.
11. Станицæ Екатериноградская нури Кæсæг-Балхъари зæнхæбæл Терек æма Малхъа кæми фæййеу унцæ, уомæ хæстæг.
12. «Тагауртæ» дзурдæй А.М. Шегрен худта, туаллæгтæй уæлдай, æнккæт ирæнтти дæр.

* Ами, уæдта идарддæр дæр, аци нисан æвæрд цæуй, къохфинсти ци дзурдтæ æртæст не 'рцудæнцæ, уони бæсти.

**Дзæуæгигъæуи 1939 анзи 30 майи байгон æй номдзуд уруссаг поэт Василий Жуковскийи (1783-1852) номбæл сувæллæнтти фæлладуадзæн парк.**

– А вы матом ругаетесь?
– Чего сразу – ругаетесь!..
Я и похвалить могу...

* * *

Это ваш автомобиль?
– Ну как вам сказать: он оформлен на супругу, ездит на нем сын, иногда дочь, а если требуется заменить колесо, тогда он мой.

* * *

– Кем вы работаете?
– Испытателем.
– А что вы испытываете?
– Нужду.

## КУЛЬТУРОН-РОХСАДОН ХЪÆППÆРЕС




# «РОХСМÆ, ФÆСЕВÆД, ТУНДЗЕТÆ!..»

Хестæр фæлтæртæй ма беретæ хуарз гъуди кæнунцæ, доги поэттæ æма сæ фæлдесгонд уадзимистæ цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди адтæнцæ нæ уæди æхсæнади медæгæ. Нури рæстæгути уой фæдбæл нæ бон æй айдагъдæр уотæ зæгъун: «Бæргæ, бæргæ...»

Цæмæй бабæй нæмæ поэзи ахсгиаг бунат æрахæсса нæ абони цардарæзти дæр, уобæл нæ исфæлдистадон интеллигенций минæвæрттæй беретæ архайунцæ, аразунцæ аллихузон мадзæлттæ. Еци мадзæлттæй еу исуодзæнæй, **27 æма 29 майи Дзæуæгигъæуи Евгений Вахтангови Хæдзарæ-музейи 19 сахаттебæл ци музыкалон-поэтикон изæр «К свету! Рохсмæ!» арæзт æрцæудзæнæй, е дæр.** Уоми райгъусдзæнæнцæ дигорон æвзагбæл финст поэтти 'мдзæвгитæ æма уонæбæл арæзт зартæ. Мадзали архайдзæнæнцæ Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг, зундгонд артисткæ **Цæрикъати Римæ**, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг, композитор **Дзоблати Анатолий**, Цæгат Иристони æскъуæлхт артист **Тогойти Алан**, студенттæ **Елойти Дианæ** æма **Тамати Юрий**. Режиссер – **Парастати Владимир**.

Мадзалмæ бацæуунæн билеттæ балхæнæн ес къасси 11 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, кенæ ба онлайн банки фæрци (геуæргибони къассæ нæ косуй).

Аци мадзали ном æма уой медесмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй нæ номдзуд поэт Малити Геуæрги 1919 анзи ке ниффинста, еци æмдзæвгæ «Федог».

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æмгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

*Арвмæ мæсуг амайетæ,*
*Хормæ скæнетæ фæндаг.*
*Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,*
*Догъи ма уотæ фæстаг!*
*Тари цæфсæд сæребарæ,*
*Мегъи сорæд æ тунтæй,*
*Цард мабал уæд гъезæмарæ,*
*Зæнхæ райзол уæд рунтæй.*
*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æмгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

Æма, нæ дзиллæ, байгъосæн нæ номдзуд Малити Геуæргий фæдздзурдмæ «Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ!..» æма дзиллонæй бабæрæг кæнæн, мæнæ ци музыкалон-поэтикон изæри кой кæнæн, уой – уомæй фæййагъаз уодзинан нæ национ поэзий цардгъондзийнади райрæзтæн.

## РÆСТВÆНДАГ УОТÆ!..

# ЕС НÆМÆ ИСКУРДИАДÆГИН ФÆСЕВÆД!..

Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети айиевæдти факультети актери дæсниади хайади студенттæ Дзæуæгигъæуи Вахтангови хæдзари равдистонцæ Николай Гоголи пьесæмæ гæсгæ спектакль «Уоскурд» ирон æвзагмæ Уæрæсей Федераций адæмон артист Хугати Геори тæлмацæй. Ка си архайдта, еци фæсевæд аци анз каст фæуæуодзæнæнцæ уæлдæр скъола.

Ахури дæргъи сæмæ æ цæстæ даруй æма исуйнаг актерти дуккаг фæлтæрæн финансон уагæй агъаз кæнуй амалгъон **Хæдарцати Махарбег**. Е æма университети проректор **Кокайти Алан** бадзубанди кодтонцæ æма æрæмбурд кодтонцæ Иристони искурдиадæгин фæсевæдæй сæрмагонд курс. Университети ахури фæсте ба етæ исфæлдистадон куст фæккæнунцæ Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон академион театри.

Исуйнаг искурдиадæгин артистти къуари аййевадон разамонæг æма сæ



фæлварæн, дипломон кусти размæ спектакли режиссер-æвæрæг æй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист **Æлбегати Алан**. Равдисти райдайæни е арфæ ракодта, искурдиадæгин фæсевæди æрмдзæфæн аргъ искæнунмæ æма син рæствæндаги дзурдтæ зæгъунмæ ка 'рбацудæй, еци аййевади æма культури зундгонд косгутæн, æхсæнади минæвæрттæн, студенттæн, аййевадæуарзгутæн.

Номдзуд драматурги пьесæ «Уоскурд»-и зæрдагайæ сорæттæ ка исæвардта, уони 'хсæн ирон ка нæй, уæхæн фæсевæд дæр ке нæ адтæй, е спектаклмæ кæсгути зæрдити æвзурун кодта никки æхцæуæндæр æнкъарæнтæ æма рохс равгæ. Номæй-номмæ сæ еугурей цæмæй ранимайæн, уой аккаг дæр æнцæ: **Уруймæгти Дзерассæ, Абайти Артур, Елизаветæ Сотникова, Сехъоти Фаризæ, Джиоти Къоста, Дзиццойти Мурат, Калоти Константин, Бурнæцти Баграт, Хъулати Аланæ, Къаболати Беллæ, Золойти Дианæ.**

Цæмæй студенттæ спектакль Вахтангови хæдзари равдесонцæ, уомæн син еугур гъæугæ фадуæттæ исаразтонцæ Евгений Вахтангови номбæл Мæскуй академион театри директор, Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæг **Кирилл Крок** æма Цæгат Иристони Хетæгкати Костай номбæл университети аййевæдти факультети декан, Вахтангови хæдзари арт-директор **Атайти Мæдинæ**.

## ХУÆРЗЕУÆГ



# КЪОСТАЙ ПРЕМИЙ АККАГ БАБÆЙ КА ИСУОДЗÆНÆЙ?..

Цæгат Иристони Сæргълæууæги рази литературæ æма аййевади къабази Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий къамис 2024 анзи преми раттуни фæдбæл курдиæдтæ (уадзимистæ) есун райдæдта.

Преми аккаггонд кæмæн æрцæуа, уонæн æй кадгин уавæри ратдзæнæнцæ Хетæгкати Къостай райгурæн бон – аци анзи 15 октябри.

Литературæ æма аййевади къабази Цæгат Иристони тæккæ цитгиндæр æма бæлдтагдæр хуæрзеуæг æй Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон преми. Æма æ уагæвæрдмæ гæсгæ, уой райсунмæ æвдист гъæуама цæуонцæ, нæ республики литературон æма аййевадон культурæмæ агъазиау æвæрæн ка бахаста æма æхсæнадæ арфиаг кæмæй æй, уæхæн авторон уадзимистæ (хецæн авторти æма авторон коллективти уадзимистæ, кæцитæ, каст сæмæ ци анз цæуа, уомæй раздæри дууæ анзей дæргъи æма еци анзи 1 январи уæнгæ гъæуама мухургонд, æнхæстгонд, æвдист æма арæзт æрцæуонцæ).

Паддзахадон преми раттуни фæдбæл уадзимистæ бавдесуни барæ ес Цæгат Иристони æнхæстгæнæг хецаудзийнадæ æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти, республики исфæлдистадон Цæдести, æхсæнадон еугæндти, наукон æма исфæлдистадон организацити, газетти æма журналти редакцити, уæдта уæлдæр ахургæнæндæнтти.

Преми райсунмæ æвдист ка цæуй, уони гæгъæдитæ æма æрмæгутæ аци анзи 1 апърелæй 31 майи уæнгæ æмгъудмæ гъæуама æрвист æрцæуонцæ къамисмæ мæнæ ауæхæн адресбæл:

Дзæуæгигъæу, Сæребари фæзæ, 1, косæнуат №301, 14.00 сахаттемæй 17.00 сахаттей уæнгæ (авдисæрæй майрæнбони уæнгæ), телефонтæ:
8(8672) 53-08-22;
8(8672) 53-39-06.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 1080.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.05.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.05.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.